

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

DESANM 2017

Volim 10, NIMEWO 38
SA KI LADAN:

- INOV@TE – CTE
- Magazen nou an
- Direktè/tris Jodi a

#MDCPSFAMILY SWETE NOU BON VAKANS



TOUT LEKÒL, ETABLISMAN M-DCPS YO AP FÈMEN POU VAKANS IVÈ A

Tout lekòl leta Miami-Dade yo, ak majorite biwo administratif yo ap fèmen pou Vakans Ivè a, soti lendi 25 desanm 2017 rive vandredi 5 janvyè 2018. Elèv ak anplwaye, eksepte Polis Lekòl Miami-Dade yo, ap an vakans pou de (2) semèn.

Biwo Economic Opportunity, Human Capital ak Risk and Benefits ap gen anplwaye disponib pou piblik la nan Bilding Administrasyon Komisyon Konsèy Lekòl la 28 desanm 2017, ak 2 - 5 janvyè

DECEMBER/2017						
MO	TU	WE	TH	FR	SA	SU
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

2018 soti 8:00 dimaten rive 4:30 nan aprèmidi.

lendi 8 janvyè 2018.

Lekòl ak biwo yo ap re-ouvè

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

25 desanm - 5 janvyè – Vakans Ivè
15 janvyè - Obsèvans Jou Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.
19 janvyè - Jounen lekòl regilye (avan sa li te yon Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon)

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

17 janvyè

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

21 fevriye

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

21 mas

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

MAKE DAT LA !



Fwa Kolèj Nasyonal la ap Vin Miami, 25 Fevriye

Reprezantan k ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2018 Miami an – dimanch 25 fevriye 2018, pou rankontre elèv ak paran sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, admisyon, ak kondisyon pou pran egzamen.

Mande enfòmasyon nan divès kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la vin pi fasil kounye a. Lè elèv enskri davans, yo ka enprime yon konfimasyon ki kode y ap ka itilize nan fwa a kòm yon Idantifikasyon elektwonik. Enskri davans nan www.gotomyncf.com

M-DCPS, LANSE SEMÈN SYANS ÒDINATÈ AVÈK 'INNOV@TE – CTEC



M-DCPS vize pou l angaje e prepare tout elèv nou yo nan "Science, Technology, Engineering, Art and Mathematics (STEAM)" (Syans, Teknoloji, Jeni, Ar ak Matematik), pou asire pwochen jenerasyon envantè, atis Aklidè yo soti nan kominote nou an. Edikasyon Karyè ak Teknik jwe yon wòl enpòtan nan ekipe elèv yo avèk ladrès yo bezwen pou yo fè konpetisyon nan yon nouvo ekonomi ki baze sou konesans.

Nan dat 2 desanm, M-DCPS te lanse Semèn Syans Enfòmasyon ovek 'INNOVATE@

"Plis pase 450 elèv te patisipe nan INNOV@TE – CTEC ane sa a."

TE - Career and Technical Education, ki te fèt an patenarya avèk Kolèj Miami Dade. Evènman an montre kijan elèv yo pa sèlman konsomatè teknoloji, men yo vin tounen kreyatè ki ap itilize teknoloji.

Elèv te fè konpetisyon nan divès evènman ki sou menm liy avèk estanda eta e nasyonal yo nan domèn karyè syans sante, enfòmasyon, jesyon biznis,

dwa, jeni, piblisite, finans ak ospitalite. Evènman sa yo gen ladan kreyasyon ak prezantasyon pwojè ak yon konpozan entèaktif avèk yon pwofesyonèl endistri e/ oubyen pwofesè kolèj ki te sèvi kòm jij.

Pou katriyèm ane youn apre lòt, elèv te ekspozè ladrès STEM ak ladrès kritik yo, ansanm ak kreyativite yo nan mete an pratik teyori yo pran nan salklas yo.

Anplis, paran yo te gen posiblite pou yo patisipe nan ti sesyon an gwoup konsènan admisyon nan kolèj ak èd finansye.

HANTMAN, KARP PRAL DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA



Yo eli Perla Tabares Hantman kòm Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County pou ane lekòl 2017-2018 la. Hantman, ki reprezante Distri 4, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 1996.

Madan Hantman se sèl moun ki ap sèvi pou dizyèm fwa kòm Chèmann. Li te premye fi Ispanik ki sèvi kòm Chèmann, e li te sèvi avan sa an 1999-2001, e apre sa chak ane youn apre lòt, soti 2010-2015.

Yo li Dtè. Martin Karp kòm Vis Chèmann. Karp, ki reprezante Distri 3, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 2004. Sa fè twazyèm fwa l ap sèvi kòm Vis Chèmann. Avan sa, li te sèvi de (2) fwa an 2006 ak 2012.

N AP EDE MOUN KI NAN BEZWEN PANDAN SEZON FÈT SA A

Ane pase, lekòl leta nan Miami-Dade te sèvi 8,057 elèv ki te sanzabri oubyen ki t ap viv nan tranzisyon pandan yo lekòl. Ede tout elèv ak fanmi yo se pryorite M-DCPS.

"The Shop" (Magazen an) se yon sèvis gratis pou elèv ak fanmi ki nan bezwen e ki ap viv kòm sanzabri. Nan Magazen an, fanmi ka pwograme yon randevou pandan tout ane a pou resevwa yon varyete atik gratis. Se patnè kominotè yo ki fè kado atik sa yo paske yo vle ede fanmi ki gen bezwen yo.

Si w enterese fè domasyon bay Magazen an, men atik nou aksepte:

- Rad ak soulye nèt
- Pwodui twalèt (bwòs



a dan, pat dantifris, chanpou, rens, eks.)

- Manje nan bwat
- Valiz lekòl
- Founiti klasik(kaye, kreyon, eks)
- Jwèt nèt
- Kat kado

Si w ta renmen fè yon kontribisyon lajan, silvouplè vizite sit Entènèt pou

'The Foundation for New Education Initiatives (FNEI)':

<http://www.giveourstudentstheworld.org/donate>

Fanmi M-DCPS la rekonesan pou sipò kominote a, moun ki fè donasyon yo, ansanm ak volontè ki fè Magazen an vin yon vrè siksè, nan benefis sa ki pi frajil pami timoun nou yo.

APLIKE KOUNYE A!



M-DCPS gen plis pase 380 pwogram 'Magnet' espesyalize ki ofri domèn etid san parèy pou elèv nan tout laj!

Pwogram piblik gratis sa yo, ouvri pou tout elèv ki enterese. Aplikasyon pou pwochen ane lekòl la ap fèmen 15 janvyè.

Prese e asire w ou aplike nan www.miamimagnets.org

MISYON #PRINCIPALTODAY AP KONTINYE




Mwa pase, lidè ki soti nan divès aktivite te pase yon jounen nan lekòl pou yo wè kisa sa vle di pou yon moun direktè lekòl nan M-DCPS. Direktè/tris JODI a angaje lidè lokal kòm direktè pou yon jounen pou devlope patenarya alontèm ant biznis e lekòl nan benefis elèv. Pandan plis pase 20 ane, pwogram nan konsantre sou devlope patenarya ki sipòte lekòl nou yo.

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Premyèman: Pa ranvwaye anyen pou pita: Bay bon egzanp. Dezyèmman: Ladrès pou fè zanmi se ladrès ki ap ede pitit ou ki adolesan siviv Pou plis resous, vizite

<https://www.engagemiamidade.net/e-tips-for-parents>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon